WIKIPÉDIA

Diplodocus

Diplodocus ya iku salah sijining kéwan dinosaurus sing kalebu ing génus sauropod diplocid.[1] Dinosaurus iki urip nalika jaman Jurasik pungkasan (sawatara 155-145 yuta taun kapengker).[1] Diplodocus karan sebut minangka kéwan sing awake paling dawa.[1]

Diplodocus	
Kalamangsa: Jurassic akir	
 Balunfg *Diplodocus carnegiei* saka Museum für Naturkunde	
Klasifikasi ngèlmiah	
Karajan:	Animalia
Filum:	Chordata
Klas:	Sauropsida
Superordho:	Dinosauria
Ordho:	Saurischia
Subordho:	Sauropodomorpha
Infraordho:	Sauropoda
Famili:	Diplodocidae
Génus:	***Diplodocus*** Marsh, 1878
Spesies	
• *D. longus* Marsh, 1878 (tipe) • *D. carnegiei* Hatcher, 1901 • *D. hayi* Holland, 1924 • *D. hallorum* (Gillette, 1991) Lucas *et al.*, 2004	
Sinonim	

Isi

Anatomi

Diplodocus iku salah sawijining kéwan raksasa kang duwé gulu dawa, buntut pecut, awak saka ngarep memburi dawané sawatara 90 kaki (27 m) kanthi gulu sing dawane 26 kaki (8 m) lan buntut sing dawané 45 kaki (14 m) nanging ukuran endhasé ora ana 2 kaki dawané.[2] Bolongan irungé ana ing sisih dhuwur endhas,lan untuné lancip-gedhé mirib pasak,nanging mung ana ing bagèan ngarep rahang.[2] Sikil ngarepé liwih cindhek ketimbang sikil ngarepé lan saben sikilé duwé driji cacah lima.[2] Saka wujud fosil sing tinemu bisa dikira-kira yèn Diplodocus duwé deretan eri kang ana ing gegeré.[2] Diplodocus dipercaya minangka kéwan darat paling dawa sing tau urip.[2]

Pola Mangan

Panganan sing sok dipangan Diplodocus ya iku tetuwuhan (Sauropodomorpha). Saliyané iku, Diplodocus uga sok mangan godhong konifer, pakis, lumut, lan tuwuhan rawa. Untuné diplodocus kecipta ketul-ketul. Mulané cara mangané ora dimamah, nanging langsung dileg. Saliyané iku Diplodocus seneng ngeleg Gastrolith,ya iku watu sing dieleg dning kéwan sing fungsine dienggo ngancurake godhong (panganan) sing ana ing njero wetengé.Saliyané iku,bageyanawake Diplodocus ding migunani nalika golèk pangan ya iku gulune sing dawa. Gulu

dawane iku minangka mlebu ing sela-selane wit-witan nalika arep golèk mangan ing alas. Diplodocus kéwan sing kudu sok mangan ing saben wektune.

- *Seismosaurus* Gillette, 1991

Perilaku

para ahli mbadhek yèn Diplodocus iku kéwan nomaden, sok pindhah-pindhah papan.

Panemu

Fosil Diplodocus sepisanan tinemu déning Samuel Williston lan Otinel Marsh nalika taun 1887. Diplodocus akèh tinemu ing kiwa-tengené Rocky mountain, Utah, Wyoming, lan Colorado Amérika.

Anak pinak

Ngendhog. Endhogé Doplodocus diselehake sembarang enggon nalika Diplodocus mlaku-mlaku golet pangan ing alas.

Cathetan suku

1. www.thefreeresource.com (http://www.thefreeresource.com/diplodocus-dinosaur-quick-facts) (dipunundhuh tanggal 27 Mèi 2011)
2. www.enchantedlearning.com (http://www.enchantedlearning.com/subjects/dinosaurs/dinos/Diplodocus.shtml)(dipunundhuh tanggal 23 Mèi 2011 jam 3.21 WIB)

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Diplodocus&action=edit).